दिन—गुरूवार    दिनांक—07.08.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ    अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि जे भारत अपन किसान सभक हित सँ कखनो समझौता नहि करत। नव दिल्ली मे एम.एम स्वामीनाथन शताब्दी अंतर्राष्ट्रीय सम्मेलन के संबोधित करैत श्री मोदी जनौलनि जे सरकार किसान सभक आमदनी बढ़ायब आओर खेती पर खर्च कम करबाक लेल सदिखन काज कऽ रहल अछि। श्री मोदी जनौलनि जे डॉक्टर स्वामीनाथन जैव विविधता सँ आगू बढ़ि कऽ जैव खुशीक दूरदर्शी अवधारणा देलनि। प्रधानमंत्री जनौलनि जे आइ हुनक विचार देशक कृषि क्षेत्र मे देखल जाइत अछि।

---

चुनाव आयोग उपराष्ट्रपतिक निर्वाचनक लेल अधिसूचना आइ जारी कऽ देलक। एकैस अगस्त धरि उम्मीदवार सभ नामांकन दाखिल कऽ सकैत छथि। नामांकन पत्रक जांच बाईस अगस्त कऽ कयल जायत। जखनकि पचीस अगस्त धरि उम्मीदवार सभ नाम वापीस लऽ सकैत छथि। नओ सितंबर कऽ चुनाव कराओल जायत। ध्यातव्य अछि जे उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ के इस्तीफा देबाक कारण ई पद खाली भेल अछि।

---

केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह काल्हि सीतामढ़ी जिलाक पुनौरा धाम मे माता जानकी मंदिरक निर्माणक शिलान्यास करताह। हुनक संग मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो रहताह। एक सय पचीस करोड़ टाकाक लागति सँ बनयबला ई मंदिर बनेबाक काज दू हजार अट्ठाईस धरि पूरा कऽ लेल जायत। मंदिर परिसरक विकास लेल पचास एकड़ भूमिक अधिग्रहण कयल जा रहल अछि। राज्यसरकार मंदिर आओर परिसरक विकास लेल आठ सय बिरासी करोड़ टाकाक योजनाक स्वीकृति देलक अछि। एहि बीच श्री शाह सीतामढ़ी—दिल्ली अमृत भारत एक्सप्रेस ट्रेनक शुभारंभ सेहो करताह। एहि बीच मुख्य सचिव अमृत लाल मीणा पुनौरा धाम रेलवे स्टेशन बनेबाक लेल रेलवे बोर्ड के चिट्ठी लिखलनि अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार शिक्षा विभाग के अन्तर जिला स्थानान्तरणक लेल शिक्षक सभ सँ तीन जिलाक विकल्प लेबाक लेल जनौलनि अछि। श्री कुमार आइ एक सोशल मीडिया पोस्ट मे जनौलनि जे विकल्प भेटलाक बाद शिक्षक सभ के ओ सभ जिला मे पदस्थापना कयल जायत। जिला मे पदस्थापनाक काज जिला पदाधिकारीक समिति करत। ध्यातव्य अछि जे हालहिं मे भेल शिक्षक स्थनान्तरणक काज सँ असंतुष्ट शिक्षक बेसी काल सँ ई मांग करैत छलाह।

---

जदयूक राज्यसभा सांसद संजय झा आकाशवाणी समाचार सँ गपशप मे जनौलनि जे बिहार मे विशेष गहन पुनरीक्षण— एस.आई.आर कोनो मुद्दा नहि अछि। ओ जनौलनि ज चुनाव आयोग बिहार मे एस.आई.आरक काज बढ़ियां सँ कयलक अछि। श्री झा जनौलनि जे आयोग आपत्ति सेहो मांगलक अछि। अखन धरि कोनो दल आयोग सँ संपर्क नहि कयलक अछि।

---

मॉनसूनक सक्रियताक कारण प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे बरखा भऽ सकैत अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे आइ सुपौल, अररिया, रोहतास, औरंगाबाद आओर कैमूर सहित राज्यक उत्तर–पूर्वी आओर दक्षिण–पश्चिमी क्षेत्र मे कतेको ठाम बहुत भारी बारिश भऽ सकैत अछि। ओतहि, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, सीतामढ़ी, शिवहर, मधुबनी, किशनगंज, गोपालगंज आओर गयाजी जिला मे किछु ठाम भारी बरखा सेहो भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

पड़ोसी राज्यक संग–संग राज्यक कतेको क्षेत्र मे भऽ रहल बरखाक कारण गंगा, सोन, गंडक, बूढ़ी गंड़क, बागमती सहित कतेको नदीक जलस्तर तेज गति सँ बढ़ि रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार गंगा नदी बक्सर, पटना, मुंगेर आओर भागलपुर मे कतेको ठाम लाल निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। नदीक जलस्तर पटनाक गांधी घाट आओर हाथीदह मे खतराक निशान सँ एक मीटर ऊपर बनल अछि। ओतहि, सोन नदीक जलस्तर पटनाक मनेर मे लाल निशान सँ एक मीटर आओर पुनपुन नदी पटनाक श्रीपालपुर मे आधा मीटर ऊपर बहि रहल अछि। गंडक नदीक जलस्तर गोपालगंजक डुमरियाघाट मे खतराक निशान के पार कऽ गेल अछि। ओतहि, बूढ़ी गंडक नदी खगड़िया मे, बागमती नदी सीतामढ़ीक रून्नीसैदपुर आओर मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे लाल निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। एम्हर, कोसी नदी खगड़ियाक बलतारा आओर कटिहारक कुर्सेला मे लाल निशान सँ एक मीटर ऊपर बहि रहल अछि।

———————————————————————

पटनाक बिहार संग्रहालय आइ अपन दसम स्थापना दिवस मना रहल अछि एहि मौका पर बिहारक सांस्कृतिक विरासत के वैश्विक मंच पर देखेबाक लेल बिहार म्यूजियम बिएनालेक तेसर संस्करण आइ शुरू भऽ गेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एकर उद्घाटन कयलनि। बिहार संग्रहालयक महानिदेशक अंजनी कुमार सिंह आकाशवाणी समाचार सँ गपशप मे जनौलनि जे एहि वर्ष म्यूजिम बिएनालेक थीम– ग्लोबल साउथ अछि। एहि मे एशिया, अफ्रीका आओर लैटिन अमरिका देशक म्यूजियम प्रतिनिधि सभ भाग लऽ रहल छथि।

———————————————————————

सुपौल जिलाक जदिया थाना क्षेत्र सँ एक कंटेनर ट्रक सहित उनतीस सय सात लीटर विदेशी शराबक संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। पुलिस अधीक्षक सरथ आर एस ई जनतब देलनि अछि।

———————————————————————

समाप्त